

Ingwara ya COVID-19: Kuronka imfashanyo biciye mu gisata ca DHHS co muri Reta ya Maine

Muri kino gihe ibintu biguma bihinduka ku muvuduko munini bitewe n'ingwara ya COVID-19 (Umugera mushasha witwa Koronavirusi wateye mu mwaka wa 2019), Igisata c'Amagara y'Abantu n'ayandi ma Seruvise Abantu bakenera co muri Reta ya Maine (DHHS mu mpfunyapfunyo) kiriko kirahindura uburyo gikorana n'abanyagihugu; mugabo kibandanya gikora akazi kaco ko kuronsa abanyagihugu b'i Maine ivya nkenerwa kugira bagire amagara meza kandi bakore ubuzi bubateza imbere bugateza imbere n'abandi.



Vyanditswe: Itariki 19 Ntwarante, 2020

Imfashanyo ihabwa Imiryango ya ba Ntaronikora mu Kiringo kanaka (TANF mu mpfunyapfunyo)

Nimba bikugora guha abana bawe ivya nkenerwa, urashobora kuba uri mu mugwi w'abantu bafise uburenganzira bwo kuronswa **Imfashanyo ihabwa Imiryango ya ba Ntaronikora mu Kiringo Kanaka**. Uwu mugambi uronsa abavyeyi amafaranga mu kiringo kanaka kugira bashobore guha abana babo ivya nkenerwa.

Imfashanyo y'ingaburo

Nimba bikugora kuronka ivyo ufungura mwe n'umuryango wawe, urashobora kuba uri mu bantu boronswa **amafaranga yo kugura** imfungurwa. Imfashanyo y'ingaburo ifasha imiryango yaba ntaronikora kugura imfungurwa zikenewe kugira bagire amagara meza.

Imfashanyo mu bijanye n'Amagara y'Abantu

Nimba wewe canke incuti yawe mudafise uburyo bwo kwivuza canke bibagora kuriha amafaranga yo kwa muganga, murashobora kuba muri mu gitigiri c'abantu boronswa **Imfashanyo mu bijanye n'Amagara y'Abantu**. Imfashanyo muvye Amagara y'Abantu, igizwe na Mainecare, CubCare hamwe na Medically Needy Programs, itanga amahera ku bavuzi canke amavuriro avura abantu.*

Imfashanyo yo mu bihe vy'ivyago

ihabwa amafaranga imiryango ifise abana mu gihe yashikiwe n'ivyago kandi imerewe nabi cane kubera itagira icepfo n'icaruguru canke idafise aho ikika umusaya. Muri ivyo vyago harimwo ibi: umuriro wadutse, ivyago vy'ivyaduka gukatarwa amatara n'amazi, canke gusohorwa mu nzu. Ayo mahera atangwa rimwe gusa ku mwaka kandi ahabwa umudandaza.

Umugambi ufasha mu bijanye no Kuraba Abana

utwarwa mu biro vyitaho Abana hamwe n'ayandi ma Seruvise Imiryango ikenera. Ujejwe kurihira imiryango ibikwiriye amahera akenerwa mu kuraba abana kugira abavyeyi bashobore kuja gukora, baje kw'ishure canke baje kwiga ibijanye n'akazi. Usabwe kuja kuri uru rubuga ngurukanabumenyi <https://www.maine.gov/dhhs/ocfs/ec/occhs/step.htm> canke uterefone kuri 1-877-680-5866 nimba ugomba gusaba imfashanyo.

Umugambi w'Imfashanyo yo muri Rusangi

utwarwa mu biro bikuru vy'ibisagara ukaba ujejwe kugurira ba ntaronikora ivyankurwa mu buzima bwa misi yose. Ukeneye gusaba iyo mfashanyo wokwitura ibiro vy'igisagara ubamwo. Ja ku rubuga ngurukanabumenyi rwa www.211maine.org canke uterefone kuri 211 kugira ushobore kumenya aho woronka imfashanyo mu micungararo y'aho uba.

*Ni watakaza asiranse ukoresha kwa muganga wahora uronka kubera akazi ukora, kandi ukaba **udafise** uburenganzira bwo kuronswa Mainecare (asiranse yo kwa muganga ihabwa abantu b'i Maine), urashobora kwemererwa kwiyandikisha ukagura asiranse yo kwa muganga uciye ku rubuga ngurukana bumenyi HealthCare.gov. Bivanye n'amahera umuryango wawe winjiza, urashobora kuronswa imfashanyo itangwa n'igihugu igufasha kuronka amahera menshi gusumba. Ukaba ukeneye kumenya vyinshi canke ugomba kumenya ko woshobora kuronswa iyo mfashanyo usabwe kuja ku rubuga ngurukana bumenyi CoverME.gov.



Ibiro bifasha Imiryango kuba Imiryango Yishoboye

*Ibiro bifasha Imiryango kuba Imiryango
Yishoboye iriga ama dosiye kandi iratora
abakwiriye kuronswa imfashanyo
y'imigambi ya DHHS hamwe n'amahera,
hambavu yo gufasha abana.*

Uko mushobora
kubaronka:

Aderese yo kurungikako
ubutumwa:

114 Corn Shop Ln,
Farmington, ME 04938

Faxe: 207-778-8429

Terefone: 1-855-797-4357

Aho kurungika ubutumwa
ukoresheje ubuhinga ngurukana
bumenyi:

Farmington.dhhs@maine.gov

Basaba gute imfashanyo z'amahera:

Saba uciye ku rubuga ngurukanabumenyi www.maine.gov/mymaineconnection

Rungika dosiye yo gusaba imfashanyo kuri 114 Corn Shop Lane, Farmington, ME 04938

Koresha nomero ya Faxe 207-778-8429 mu kurungika dosiye yo gusaba imfashanyo.

Rungika dosiye yo gusaba imfashanyo kuri Farmington.dhhs@maine.gov

Usabwe kuzana canke kwuzuzwa dosiye yawe yo gusaba imfashanyo ku biro vya DHHS vyaho uherereye. Naho dosiye yonyene ikwiye, abantu bipfuzwa ibindi bintu bofashwa basabwe guhamagara ku nomero zanditse aho hejuru kugira bavugane n'umukozi w'ico gisata.

Terefona umuhinga ajejwe gutora abahabwa imfashanyo kugira uysisabe (ibi **bishobokera abariko basaba imfashanyo ya MaineCare** bonyene. Ntibishobokera Abasaba Imfashanyo y'Ingaburo hamwe n'Imfashanyo ihabwa Imiryango yaba Ntahonikora mu Kiringo kanaka).

Ja ku rubuga ngurukanabumenyi www.211maine.org canke uterefone kuri 211 kugira uronke ayandi makuru yerekeye ingwara ya COVID-19 wongere uronke imfashanyo y'ingaburo zironswa abagore, inzoya, n'abana (WIC), Imfashanyo ya Rusangi, Imfashanyo muv'yUburaro, ibifasha mu kuraba abana hamwe n'ayandi ma porogaramu ya Reta.